



Pou Piblikasyon Imedya: 19/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL KONTINYE LIDÈCHIP NEW YORK SOU EKITE RASYAL, LI SIYEN LEJISLASYON KI ETABLI KOMISYON POU ETIDYE REPARASYON AK JISTIS RASYAL

S.1163-A/A.7691 etabli Komisyon Kominote pou Redresman Reparasyon Eta New York la epi rekonèt enjistis fondamantal ak atwosite esklavaj la

Komisyon an pral egzamine enstitisyon esklavaj, diskriminasyon rasyal ak ekonomik li lakoz kont moun ki gen desandans Afriken yo, ak enpak sou moun ki vivan ki gen desandans Afriken yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou kontinye lidèchip New York sou ekite rasyal nan kreye yon nouvo komisyon pou etidye reparasyon ak jistis rasyal. Komisyon sa a rekonèt enjistis terib esklavaj la epi yo pral gen pou l egzamine eritaj esklavaj la, diskriminasyon li lakoz kont moun ki gen desandan Afriken yo, ak enpak fòs sa yo kontinye genyen jodi a.

"Jodi a, n ap kontinye efò nou pou korije sa ki mal nan tan pase yo lè nou rekonèt eritaj douloure esklavaj nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou gen yon obligasyon moral pou nou konsidere tout pati nan istwa nou pataje kòm Nouyòkè, epi komisyon sa a make yon etap enpòtan nan efò sa yo."

Lidè Majorite Sena Eta a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li te siyen lejislasyon ki pote transfòmasyon sa a an lwa epi paske li te prete sipò li nan ede New York kòmanse pwosesis nou an pou konsidere tan pase a. Mwen rekonesan anvè Senatè James Sanders paske li defann kòz sa a, lè li kanpe kòm yon pilye pou chanjman pozitif. Antanke Lidè Majorite Sena a, mwen fyè tou pou m te travay avèk dilijans pou ede gide lwa istorik sa a pase nan Sena Eta a. Ansanm, New York ka fòme yon avni ki make pa jistis ak ekite."

Prezidan Asanble a Carl Heastie, te deklare, "Jodi a make yon okazyon enpòtan nan istwa New York. Afriken Ameriken yo te sibi enjistis rasyal, ekonomik ak enstitisyonèl ki te anvayi kominote nou yo pandan plizyè diseni – yon reyalyte nou dwe toujou rekonèt. Byenke nou soti lwen anba enstitisyon esklavaj la, yo ka toujou santi konsekans li yo epi yo mande plis panse ak chanjman ki plis pwofon. Avèk kreyasyon Komisyon Kominotè sou Redresman Reparasyon Eta New York la, nou ka kreye solisyon lejislatif ak estrikti politik ki ka fè enpak dirab. Mèsi Gouvènè Hochul, Senatè Sanders, ak Manm Asanble

Solages pou travay di yo pou fè jodi a vin yon reyalite. Ann kontinye fè New York avanse pou pi devan."

Lejislasyon S.1163-A/A.7691 rekonèt wòl enpòtan enstitisyon esklavaj la te jwe nan etablisman ak istwa New York. Lejislasyon an etabli komisyon kominotè sou redresman reparasyon an, ki pral konpoze ak nèf manm ki espesyalman kalifye pou sèvi gras ak ekspètiz yo, edikasyon, fòmasyon, oswa eksperyans yo te viv nan domèn etid Afriken oswa Ameriken, sistèm legal kriminel la, dwa moun, dwa sivil, òganizasyon reparasyon yo, ak lòt domèn enpòtan yo.

Avan Revolisyon Ameriken an, te gen plis Afriken esklav nan Vil New York pase nan nenpòt lòt vil eksepte Charleston, Kawolin Disid, epi popilasyon Afriken esklav yo te reprezante 20 pousan nan popilasyon New York la, pandan y ap 40 pousan nan fanmi kolonyal New York la te posede Afriken esklav. Sa a se te yon pati entegral nan devlopman Eta New York, epi konsekans enstitisyon esklavaj la – epi ansuit, diskriminasyon ak rasis sistemik enstitisyon sa a te lakoz – yo ka toujou obsève yo jodi a.

Senatè James Sanders Jr., te deklare, "Jodi a, nou plante yon semans espwa, pa sèlman pou Vil New York ak Eta New York, men pou nasyon an. Pwojè lwa nimewo S.1163A a se yon temwayaj sou pouvwa pèseverans, vwa inebranlab k ap mande jistis. Se pou sa a vin yon limyè, yon apèl pou pase nan aksyon pou chak kwen peyi sa a pou yo konfwonte pwòp istwa pa yo, pou yo rekonèt enjistis ki mare nou yo, epi pou yo travay ansanm nan direksyon yon avni kote reparasyon yo pa sèlman yon mo, men yon reyalite vivan pou tout moun. Mwen vle ekspri pi pwofon rekonesans mwen bay Gouvènè Kathy Hochul paske li te siyen pwojè lwa istorik sa a. Sa a se yon etap enpòtan nan batay nou pou jistis rasyal, epi li pa t ap posib san kouraj ak angajman Gouvènè a. Pwojè lwa nimewo S.1163A a se pa yon liy final, men yon pòtay kòmansman. Komisyon reparasyon li etabli a se yon veso pou laverite, yon platfòm pou vwa ki te fè silans pandan twò lontan. Konklizyon yo pa pral fasil, men yo pral nesèsè. Yo pral gide nou nan direksyon pou jwenn reparasyon pa sèlman pou tan pase a, men pou lavni, sa ki pral bati yon eritaj nan ekite kote chak timoun, kèlkeswa eritaj yo, ka reve san chenn enjistis istorik la. Mwen kwè ke reparasyon yo esansyèl pou reyalize vrè jistis rasyal nan peyi nou an. Nou dwe rekonèt epi adrese enkonvenyans tan pase yo pou nou ka kreye yon avni ki pi jis ak ekitab pou tout moun."

Manm Asanble a Michaele C. Solages te deklare, "Nan rekonèt istwa New York, nou konfwonte gwo pri enjistis rasyal yo. Lè Gouvènè Hochul siyen Komisyon Reparasyon & Redresman, Eta New York pral bay kominote yo pouvwa pou yo patisipe aktivman nan fòmè chemen esansyèl pou avanse nan direksyon inite ak gerizon. Reparasyon yo poze baz pou yon avni kote tout Nouyòkè ka epanouyi ak pwospere. Mwen felisite Lejislati a, Gouvènè a, ak defansè pou efò kolaborasyon yo, mwen fyè dèske mwen te patwone lwa sa a epi mwen anvi kontinye avanse ansanm nan fasone avni pataje nou an."

Prezidan NAACP Konferans Eta New York, Doktè Hazel N. Dukes, te deklare, "Avèk etablisman komisyon sa a, I ap ba nou chans pou nou revize, epi gade istwa Afriken Ameriken yo nan Eta New York. Epi lè rapò a fini, I ap ban nou zouti ki nesèsè

yo – kote nou ta dwe akonpanye kwasans ekonomik, bon jan kalite sante, ekite nan edikasyon, fòmasyon travay, kreyasyon travay, lojman – ak anpil lòt bagay ankò. Sa a se yon gwo jou pou Eta New York ap deplase nan bon direksyon enklizyon pou tout moun lan. Mèsi ak Gouvènè a ak lidè lejislati nou yo, paske yo te franchi gwo etap sa a."

Komisyon an gen misyon pou egzamine eritaj esklavaj la ak efè negatif ki rete sou moun k ap viv kounye a nan Eta New York, ak objektif pou l pibliye yon rapò ki gen ladann rekòmandasyon pou aksyon apwopriye pou abòde inegalite sa yo ki date depi lontan. Yo dwe soumèt rapò alekri sou konklizyon ak rekòmandasyon sa a bay prezidan tanporè sena a, prezidan asanble a, lidè minorite sena a ak asanble a, ak Gouvènè Eta New York la pa pita pase yon ane apre dat premye reyinyon komisyon an.

PDG FPWA ak Prezidan Komisyon Jistis Rasyal Vil New York la (2021-2022), Jennifer Jones Austin, te deklare, "Siyati Lejislasyon S. 1163-A/A. 7691 Gouvènè Hochul la mete Eta New York sou chemen ki klè ak san parèy pou repare mal flaran esklavaj yo nan Eta New York ak mal ki te pèsiste pandan tout ane ki sot pase yo. Patisipasyon New York nan komès esklav la te non sèlman kite sikatris men yon gwo blesi sou moun ak kominote ki gen orijin Afriken yo ki poko geri akòz esklavaj ak rasis estriktirèl ak sistemik li te lakoz. Lejislasyon sa a, ki etabli yon komisyon pou egzamine enjistis sa yo ak trase yon chemen pou pi devan, trase wout pou reparasyon pou eta nou an ak potansyèlman pou nasyon an. Mèsi, Gouvènè Hochul, pou angajman fèm ak inebranlab ou pou ekite rasyal."

Inisyativ Jistis Rasyal la nan University of St. Thomas (Minnesota) Direktè Fondatè Dr Yohuru Williams, te deklare, "Mwen felisite eta New York pou etap solid ak louwab li fè nan direksyon pou abòde enjistis istorik atravè kreyasyon nouvo komisyon sa a. Lè li te angaje pwofondman nan inisyativ ki menm jan an nan St. Paul, Minnesota, Williams konbtinye pou li deklare, "mwen rekonèt enpòtans pou rekonèt ak repare enpak pwofon inegalite istorik yo ak travay difisil men enpòtan k ap tann New York. Nan moman esansyèl sa a, ki make pa yon sansibilizasyon ogmante sou rasis sistemik, angajman eta tankou New York ak lidè reflechi tankou Gouvènè Kathy Hochul pou anbake nan travay reparasyon enpòtan an souliye yon responsablite pataje pou konsidere pase nasyon nou an. Se atravè efò sa yo ke nou trase wout pou gerizon, jistis, ak yon avni ki pi ekita, reyafime angajman kolektif nou an pou demantèlman eritaj rasis sistemik yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)